

# Revizyon Elijiblite Ou Pou Èd Siplementè Pou Depans Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon: Kèk Bagay Ou Ta Dwe Konnen

2007



**S**i ou jwenn èd siplementè pou depans pou medikaman sou preskripsyon Medicare ou, Sekirite Sosyal ka kontakte ou pou revize pozisyon ou. Revizyon sa a ap asire ke ou toujou kalifye pou jwenn èd siplementè a epi pou resevwa tout benefis ou merite. Si yo pa chwazi ou pou yon revizyon, p ap genyen chanjman nan kantite lajan èd siplementè w ap resevwa a.

## Kilè Sekirite Sosyal ap fè revizyon sa a?

Revizyon yo ap fèt chak ane, anjeneral nan fen mwa Out.

## Kòman Sekirite Sosyal ap kontakte mwen?

N ap voye ba ou yon fòm pou ou ranpli. Fòm sa a rele “*Revizyon Administrasyon Sekirite Sosyal sou Elijiblite ou pou Èd Siplementè*”. W ap gen 30 jou pou ranpli fòm sa a epi pou retounen li. Nenpòt chanjman ki nesesè pou èd siplementè a ap an efè nan mwa Janvye ane ki vini apre a. Pa egzanp, si nou voye yon fòm revizyon an Out 2007 epi ou retounen fòm revizyon an nan 30 jou, nenpòt chanjman nan èd siplementè a ap an efè nan mwa Janvye 2008.

## Esi mwen bezwen èd pou mwen ranpli fòm lan?

Manm fanmi ou, moun ki ba ou swen ak lòt moun kapab ede ou ranpli fòm lan. Sekirite Sosyal ka ede reponn kesyon ou ka genyen tou. Senpleman rele nou nan nimewo **1-800-772-1213**. Si ou soud oswa si ou mal pou tandem, ou kapab rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**. Ou kapab ale tou nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou pou ou jwenn èd.

## Ki kalite chanjman k ap fèt nan èd siplementè mwen?

Youn nan bagay sa yo ka rive:

- Okenn chanjman nan kantite lajan èd siplementè w ap resevwa a;
- Ogmante kantite lajan èd siplementè w ap resevwa a;
- Diminye kantite lajan èd siplementè w ap resevwa; oswa a;
- Èd siplementè ou ap sispann.

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kisa k ap pase si mwen pa retounen fòm revizyon an?

N ap sispann èd siplementè ou nan mwa Janvye ane pwochèn.

## Kòman m ap konnen ki desizyon Sekirite Sosyal te pran sou revizyon an?

Sekirite Sosyal ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou desizyon li pran an. Si ou kwè desizyon an pa kòrèk, w ap gen dwa pou fè apèl kont li. Lèt la ap eksplike ou dwa ou genyen pou fè apèl.

## Kòman ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan èd siplementè pou depans plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ou, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) oswa ale sou sit entènèt [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Si ou rele paske ou gen kesyon sou yon lèt ou te resevwa, tanpri genyen lèt la nan men ou. Sa ap ede nou reponn kesyon ou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ak sou peryòd anwolman espesyal, rele gratis nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**; TTY **1-877-486-2048**) oswa ale sou sit entènèt [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov).



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10111-HC  
Review Of Your Eligibility For Extra Help  
With Medicare Prescription Drug Plan Costs:  
Some Things You Should Know  
November 2007